



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU ROSH HASHANAH

"Manm kominote Jwif la, fanmi ak zanmi yo pral rasanble nan Eta New York aswè a pou selebre Rosh Hashanah, yon jou ferye pou akeyi Nouvo Ane a, pou reflechi sou ane pase a ak pou gade devan pou pwochen an.

Ane sa a, gen anpil bagay pou konsidere. Anti-semitis rete yon fòs alafwa nan monn lan ak isit la lakay, epi kominote Jwif la, tankou anpil lòt, te afekte akòz pandemi COVID-19 la. Men, aswè a se yon opòtinite pou Jwif Nouyòkè yo reflechi sou sa nou tout kapab fè pou amelyore kominote nou yo ak monn nou an, ansanm.

A tout sila yo k ap selebre, mwen swete nou menm ak fanmi nou yon Nouvo Ane nan lajwa ak sekirite. Nan non tout moun New York, Shanah Tovah U'Metukah!"

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)